УФ-м и цІыхур зищІысыр хэтми къэзыгъэлъагъуэ тхылъ нэхъыщхьэхэр зэрырат хабзэр едгъэфІэкІуэн хуейщ. Апхуэдэу кьызэзрыгуэкІ цІыхухэми, кьудыкьущІэхэми ягъэзэщапхъэщ ди ІэнатІэм щызекІуэ нэгъэщІ хабзэ псори. Дэтхэнэми кьэрал Іуэхутхьбзэхэр псынщІэу, фІагъ хэлъу икІи чэзуэншэу хуащІэн хуейщ.

ЦІыхухэм хьыбар езыгъащІэ ІэнатІэхэр кьэдгъэсэбэнурэ дэ дыхущІокъу ди Іуэхущапіэм и пщІэр зыгъэлъахьыр псори дгъэкІуэдыжыну. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр абыхэм я деж пэжыр нэтхъэсынырщ. ИтІанэ ди Іуэхущапіэм, абы и щІыналъэ кьудамэхэм я лэжьыгъэм нэгъэщІынэкІэ кьеплъынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Шэджэм щІыналъэ

Мэкъумэш ІэнатІэм зеужь

ри зэхэту пхъащхьэмыщхэ тонн мини 5 зэуэ щагъэзытІыльыфынущ.

Шэджэм щІыналъэм и «Шэджэм» хуабжь ІэнатІэм 2013 гъэм игъэлэжьэн щидзащ гектар 1,5-рэ зи инагъ теплищэм и яп Іыхьэр. Мыгувэу иджыри анхуэдиз яутІыпщынущ.

Ильэс блокІам инвестицэ хэльхьэныгъэу районым сом мелуан 600-м нэс иІащ. Ильэс кьэдкІэ яхуэлажьэну жыг лІэужьыгъуэхэмрэ мэкъумэшым ехьэлІа объектхэм я уэхуэныгъэмрэ ирикъуфэу. Псори зэхэту Шэджэм щІыналъэм ильэс кІуам лэжьыгъэ ІэнатІэщІэу 150-рэ кьащышэрагъэпэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Хэт нэхъ къуаншэр: Хрущев хьэмэрэ Ельцин?

Тхыдэм кьигъэзэжу, ар иджыпет лъэхъэнэм и гъуджэу жаІэ. Абы и щыхьэтщ мы зэманрэ. Украинэм Кьырымыр езым ейуэ ебж. Ауэ абы лъабжьэ гуэр иІэ?

● Кьрым

Блэкіам къиІуэтэжыр

Кьрымыр 1783 гъэм Урысейм кьыхьыхьащ. Империем Кьрымыр зыІэригъэхьащ, кьрым хьакІыгъуэм кьыІэщІитІэкІри. Ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ щыхэр (иджы Украинэм хьихьэ Николаев, Херсон, областхэр) а зэманым нэщт, тыркуэхэм ягъэсу-рэ мафІэм илыгъуауэ. Мис а щыпІэхэм ягъэзэнхъуэ щІадзащ урыс помещикхэрэ абыхэм я гуэлэтхэмрэ. Ахэр трагъэгушхуэн папщІэ льготэхэр иратырт (мис а Іуэхум егъэщІылІауэ зэхэщІыхьа хьэгъэщІэхэм тритхьыащ Гоголь Николай и «Мертвые души» романыр)

Кьрым тэтэрхэм зыкІи зыкъыпэщІасакъым. Ахэр ирагъэшат Тыркум и жыІэкІэ Урысейм езауэ эзэпыту кьызэрыгъэуригъуэм.

Зэгуэр урысхэм тэтэрхэр бийуэ кьалъытэу щытащ (лъэныкъуитІри зэпымыуу зэрэуэрт). Арщхьэкіэ а Іуэку бгъэдыхьэкІэм псынщІэу зихьэужащ. Урыс литературэм хэбгъэтхэнукьым кьрым тэтэрхэм техьущыхь. Тэтэрхэр мыгувэу Москва кьыдэхутащ икіи урысхэм я гур кьахьэхуащ: ахэр хьэрэмыгъэншэт икіи ефэхэртэкьым.

Щэнхабзэм и жэнэт

Кьрымым псынщІэу зрагъэужьащ, уеблэмэ цІыхухэр кьуэду здэкІуэ зыгъэпсэхупІэ хьэущ. Зэгуэр кьэралыгъуэу щыта щІыналъэм и щэнхабзэм дихьэхащ езы Пушкинри. Абы и щыхьэтщ «Бахьшэсэрей фонтан»поэмэ цІэрыІуэри.

Европейхэм, дауи, Урысейм кьыхуагъэгъэхьаным абы Кьрымыр кьаэрыІэщІитІэкІар. Араш Урысейм 1853-1856 гъэхэм кьращІэкІа зауэр нэхъыбэу Кьрымым щыщкІуэкІам и щхьэусыгъэри. Пэжщ, зэхэуэхэр щыІащ Камчаткэми Соловки. Арщхьэкіэ, а псори щагъахьэр Кьрымыр.

Сыт зэхищІыхьар Никитэ?

Граждан зауэмрэ (1921 гъэм Кьрымыр Урысейм хьхьащ) ЕтІуанэ дунейпсо зауэмрэ нухащ. Сталин Иосиф щыуагъэ ин Іэщ Іэкіащ: кьрым тэтэрхэр кьаэрепцІыжар тегъэщІапІэ ищІри, (адрей лъэпкъхэм яхэттхэ епцІыжакІуэхэр?) абы ахэр я лъахэм иригъэкІащ. 1945 гъэм РСФСР-м хэт Кьрым автоном республикэр ягъэкІуэдыжащ, иджы ар область къудейщ.

Мыгувэу нэгъуэщІ телъыджэ кьхэхъуащ - Кьрымыр Украинэм ираташ. Иджыри кьэс и тэмэмпІэр ящІэркьым генсек Хрущев Никитэ ар щІищІам и щхьэусыгъуэр: езым кьыІэщІэщІа Іей гуэр щІихьумэжыну хэта хьэмэрэ и акьылыншагъэм кьыхэкІа?

Ялэр зытещІыхьар «личностым и культым» и бий бэнэныгъэ езыхьэжьа Хрущев Сталиным и зэманым Украинэм зэрыщылэжьарщ икіи абы гуэныкъ куэдыщ кьыІэрыщІкьарщ. Ар хуейуэ кьыщІэкІынтэкьым а псори украинэхэм я кьаГъэкІыжьмэ.

Етіуанэр нэхъ пэжыкІэ хьэунущ: 1954 гъэм ягъэлапІэрт Украинэр Урысейм кьыІэзыригъхьэрэ илъэс 300 зэрэрикъуар, арати, Кьрымыр тыгъэ яхуищащ.

Іуэхур СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и зэІущІэм дакьикъэ 15-кІэ щызэфІагъэкІащ. Псоми жаІэр зэтехуэрт. Кьахъжаныкіар финн марксист Куусинен Оттэ и закъуэщ:

- Ди кьэралым и закъуэщ урысей лъэпкъым хуэдэу лъэщым зыкІи кьымэлэнджэжу кьуэщ лъэпкъым езым и щІыналъэхэм ящІущ зыр щритыфынур.

Конституцэм кьиІгъэувырт референдум ирагъэкІуэкІын хуейуэ. Ауэ ар щІыкъым: хэтыт зигу кьэкІыр СССР-р лъэпъэжьыну икіи абы щыщ щІыналъэхэр кьэрал щхьэхуэ хьуну?

Иджыри кьэс допшІыныж

1991 гъэр еух, Беловежскэ мэзым щызэгроІуэ. Украинэ ССР-м и нужьрей парт лэжьакІуэ Кравчук, Кьрымыр хабзэншагъэкІэ зэраІэрыхьар кьыгурыІуэу, сакьыу щІоупщІэ: Кьрымыр дыдеину?

- Кьащтэ, - жэуап иритжащ абы Ельцин хьэлэлым. Ар зыхуейр зыт: дауэ ищІми властыр иубыдынырт.

Нужькіэ кьэхъуам псори щыгъуазэщ. Щытыкіэр телъыджэщ: Кьрымым урысыбзэкІэ щызэпсалъэ, сомыр щызокІуэ. ХьтІыгу ныкьуэм щыпсэуэм я нэхъыбэр урысхэщ, украинэхэр щызакьуэтІакьуэщ. Итіаи, украиныбзэр щыпажэщ, Киев икІ унафэхэр ягъэзэщІэн хуейщ.

Кіапсэр щызэпеч и гъпІуапІэм и деж. Апхуэдэу мэлъэлъэж СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и зэІущІэ зи гугъу тщІам кьыщащта унафэри.

МОРОЗОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

● Ятххэр

Захуэр къалъыхъуэ

Блэкіа тхъэмахуэ зэхуакум и кІэуухьм и прессэм Украинэм щекІуэкІ Іуэхуэкір къызэрригъэлъагъуэм зыкъомкІэ зихьужащ. Ящыныкъуэ тхыгъэхэм Кьрымыр кьыхощ «урыс хьтІыгу ныкъуэу». Урысейм илэжьхэр залымыгъэу къалъытэжыркьым, а Іуэхуэхэм нэхъ щабэу бгъэдыхьэ хьущ. «Ижь секторым» и Іэтащхьэхэр «щІэхъуитныныгъэм и бэнакІуэ» хуэдэу ягъэІуэжыркьым, иджы ахэр «кьрым тэтэрхэр кьызэщІэзыІэтэ ультранационалистхэщ».

«ИжЬ секторым» тохьуцІыхь Британием и ВВС-р The Taims газетым щыщ я лэжьэгъуэхэм кьыхаГъэщІэхуКІ: «Урысхэм я нэхъыбэм украинхэр езыхэм я лъэпкъэгъуэ гъунэгъу дыдэу кьалыТэ». Тхыгъэр зи Іэдакъэщ Іэкіым игу кьэГъакІыж Кьрымыр урысхэм я дежкІэ лІыхъужьыгъэ зыхъумэжныгъэм и щапхъэу кьызэрынэжыр.

«Гардиан» газетым тридзащ «Керри Джонрэ НАТО-мра урыІэзэнхэу икіи икІуэтыжьын хуейр» псалъащхэм щІэт тхыгъэр. Мис абы кьыщыгъэпльэгъуэхэр: «ЩІхьэу сыгъуэ гурыІуэгъуэхэм кьыхэкІыу урысхэр тогузэвыхь урысыбзэр кьэралыбзэу кьэзэлъыбгъу щыта а хабзэр Киев и власткІэхэм зэракъутэжам»; «Урысхэм апхуэдэу ялъагъу езыхэм я щэнхабзэ щІэиныр кІуэдыжьыныкІэ шынагъуэ щыІэ зэрыкьуар»; «НАТО-р украин Іуэхуэм щІыхэІэбэн щыІэкъым. Абы кьыгурыІуэн хуейщ ар зэрыемыкІыр».

Урысейм и телъхьэу кьуэващ The National intertest ѵthbrfy американ журналри. «Украинэм и щыхухэм я зэхуэдитІым нэблагъэр урысыбзэкІэ мэпсалъэ, православнэ члисэм щыщщ икіи и пэжыпІэкІэ лъэпкъкІэ урысхэщ» .

ТАРАНОВ Денис.
«Аргументы и факты»

● Украинэ - США

Зыр мэхъуанэ, адрейм зэІухауэ жеІэ

США-м и кьэрал секретарь Керри Джон *(и щІагъыкІэ)* жиІащ илъэс-илъэситІ нэхъ дэмыкІыу политикэшхуэм хэкІыжыну зэрэмурадыр. «Мыр сэ си нужьрей кьэрал кьулыкъуп», - кьыхэгъэщхьэхуКІащ дипломатым икіи ардыдэмкІэ кьигъэлъагъуащ 2016 гъэм екІуэкІыну президент хэхьныгъэхэм зэрэхэмытынур.

НапэкіуэцІыр зыгъэхьэзырар ША,Л Мухьэмэдщ.

Дэтхэнэми и псэукІэ иІэжщ

Евромайданыр Киев щытекІуэ нужь гъэцІэгъуэн куэд къыщІэщу хуэкъащ: революционерхэр щыгъуазэ хъущ къулыкъу зыІэщІэлъа язынныкъуэхэм я мылъкур къыздрахам. Ар телъыджащ.

● Мылъку

Доллар мелуан 17 къудей

Тимошенкэ Юлие иджыпсту власть иныгъкъым. Арщхьэкіэ псоми ящІэ унафэ зыщІыр хэтми. Юлие иІэщ и «штабыр» зыщІигъэтІысхьан: езыр щалъхуа Днепропетровск лъапсэ уардищ, Киев и гъунэгъуу апхуэдэ дыдэу тІу. Іэщ Іагъэлэхэм кьалъытэ псори зэхэту абыхэм доллар мелуан 17-м (!) нэблагъэ я уасэу.

ЖыІэнщи, щыуэ зэтет унэхэм ящыщ дэтхэнэми лифт щІэтщ. Иужь зэманым Юлие зыщыпсэуэ «унэ цыкІу» (Киев и гъунэгъуу псы Іуфэм Іутым дыгъэ зегъэупІи щиІэщ) сакьыу яхуэмэ зи нэгу зезыгъэужьхэр зэрыс кьухьхэм я кьекІуэлапІэхэр хэту.

Кличко

Зэратхэмкіэ, боксер-политикыр Киев и кум Хмельницкий Богдан и цІэр зезыхьэ уэрамым щопсэу, пащтыхь зэманым яухуа кьатих унэм и зэхуэдитІыр ейуэ. Мыбы жеиІэ пэшу 6, зыгъэпскІыпІэу 4, псыныэн апхуэдиз, зи лъэгур абджьпскІэ кьищІыкІа библиотекэ, хьащІэхэм я пэшитІ, кьрагъэблагъэхэм щаІущІэ пэшышхуитІ. Псори зэхэту апхуэдэ псоуалъэр доллар мелуаницым нэс и уасэу кьалъытэ.

Арщхьэкіэ украин журналистхэм Киев арагъэгу фотарих кьищІахутащ 1971 гъэм кьалъхуа Кличко Виталий гуэрым ейуэ. Боксерыр хуеякьым а псэупІэхэр декларацэм иритэну. Псори зэхэту доллар мелуани 5 и уасэу жаІэ.

Нэмыщэ прессэм Гамбург кьищІигъуэтащ Кличко и «унэжь цІыкІу». Араш абы и хэщІапІэ нэхъыщхьэуи кьыщІэкІынур. Кьатиплпу зэтет унэр Гамбург и щІыпІэ нэхъ хэплъыбгъэм ящыщ зым щаухуащ. Ауэ Кличко и лъапсэр псоми йофІэкІ. Іэщ ІагъэпІэхэм я кьалъытэ ар еврэ мелуани 2,5-м нэблагъэ и уасэу.

● Гъуэгухэр

Нэхъ сакъщ

Щыхьэхъу куэдым кьалъытэ цІыхубзхэм я зэранкІэ гъуэгуэхэм автомобиль зэжьэхэуэр нэхъыбэ хьууэ.

АРЩХЬЭКІЭ ар мыпэжу кьыщІокІ. Ставрополь крайм и УГИБДД-м и пресс-ІуэхущапІэм и унафэщІ Синицын Евгений зэрэжиІамкІэ, 2013 гъэм Іуэгуэхэм машинэ зэжьэхэуэру 2396-рэ кьыщыхухуащ автомашинэр зезыгъаКІуэ цІыхухухэм я зэранкІэ. Щыхубзхэм я дежи а бжьыгъэр зэрыхьэр 276-рэ къудейщ (хуэдипщІкІэ нэхъ мащІэщ)!

- Руль тІыс цІыхубзхэм илъэс кьэс къаХохьуэ, - жиІащ Синицыным. - Ахэр зегъэжьуэкІэм апхуэдэу хуэІэзэкъам, ауэ зэрыкъымкІэ ирагъэкІуэ. Бзылъхугъэхэр хабзэхэм нэхъ тетщ, ефауэ рулым дэтІысхьэркъым. Пэжщ, цІыхухъуэр зэгуэгъэт машинэ зегъэжьуэн щІэзыдзагъащІэ цІыхубзхэр зэрыхуэмыи, ауэ ар нэхъ шынагъэншэщ псынщІащуэ кьэжьыхьыным нэхъри. Щыхубзхэр хэту гъуэгум кьыщІыхьуэр мыхьэнэншэ гуэрхэщ.

ПОЛЯНКИНЭ Дарья.
«Аргументы и факты»

Янукович и машинэхэр

Украинэм и президенту щытар щыпсэуэ Межигорье - куэд тражыІьхьащ. Псом хэущыпсэу Киев и гъунэм щІэ унэм кьыщагъуэта дыщэ батоным. А дыщэ килограммитІым доллар мини 100 кьыщІэкІынущ. Арщхьэкіэ нэхъ телъыджэ жыІащ Янукович и автомобилыжьхэрщ. Гаражым бензин игъэхъуапІэ, автомашинэ 31-рэ щІэтщ. Абыхэм яхэтщ 1950-1960 гъэхэм кьыщІагъэкІаІэу иджы гъуэгуГъуэй хуэхэр: «Победа», «Хорьх», «Роллс-Ройс», уеблэмэ СССР-м и Іэтащхьэхэм кьызэракІуэу щыта ЗиМ - «Чайкэхэр», мотоцикл зэмылІэужьыгъуэу 8. А псори доллар мелуани 3,5-рэ и уасэу кьалъытэ.

Илъэс 60-кІэ

Киев и гъунэм щыІэщ пчыгуэр нэхъыщхьэм и унэу метр зэбгъуэнатІэ 500 кьыззрыкІыр. Ари тельыджэ ящІыхьащ псоми. Пасэрей тхьэмадэ щІалъэгъуауэ, езыр щылажьэ пошым. Блынэхэм фІэлъщ сэшхуэхэр, Янукович и гъусэу зытригъэха сурэтыр.

Риэлторхэм кьалъытэ, щІэлъхэр хэмыту, езы унэ кьудейр доллар мелуани 3-м нэс и уасэу. Прокурор нэхъыщхьэм и улахуэр зэрымыиныр (декларацэм кьызэрыщыГъэлъэгъуамкІэ, зы илъэсым доллар мин 50 нэблагъэ), абы а «унэжь цІыкІум» папщІэ ахъшэ илъэс 60-кІэ зэхуэхьэсачи кьуейщ - емышэу икіи емыфэу, ваКьи льэпэди кьимыщэхуу! Пшонкэ и нЫбжьыр иджы дыдэ илъэс 60 зэририкъуар кьэлъпытэмэ, гъэщІэгъуэнщ. КьызэрыщІэкІамкІэ, абы ахъшэ зэхуихьэсащ кьыщащІахуэ мэхуэм кьыщыщІэдзауэ.

* * *

Кьзгъэлъэгъуэн хуейм Украинэм тетыгъуэр щызыбдыдахэм властыр зыІэрагъэхьэн и пэкІэ я мылъкур зэрызэрагъэпэщар. Кличко и хэхьуэр кьызэдикІар гурыІуэгъуэ - ар дуней псом щыщІэрыщІу спортсменщ. Ауэ дэнэ Тимошенкэрэ Яценюкрэ я псори кьызэрахар? А упщІэм и жэуапыр кьэлъхьуэн хуейщ.

НЕКРАСОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

● Кавказ Ищхъэрэ

И къуэшри унэри кърегъэл

Осетие Ищхъэрэм и кьеГъэлакІуэхэм я нэхъыщхьэм МЧС-м и Щыхь тхьылъыр иритащ ильэсипщІ зи ныбжь Дзодзиев Астан - мафІэ зыщІэна унэм илъэсищ зи ныбжь и кьуэшыр кьыщІэзыхам.

А МАХУЭМ Владикавказ дэт №27-нэ школым и пІэщышхьэм щызэхуэсат пщІэдзэ классхэм щеджэхэмрэ абыхэм я ешэджакІуэхэмрэ.

- НыбжьыщІэхэ, фэ кьывдоджэ лІыхъжь дыдэ, - жиІащ Хоружий Александр, - Астан мафІэсыщ кьыщІэзыІэтыр езым и кьуэш нэхъыщІэр. Гурыжьеякьым, хахуэу зыкьиГъэльэгъуащ, иужькІэ мафІэсгъэзэнкІыфІэхэр кьриджэрэ, унэри кьызэтенащ.

Министерствэм и ЩІыхь тхьылъм и гъусэу генералмайорым сабийм иритащ жыІэ телефон.

Мыр кьыщІыхьуар республикэм и Пригороднэ районым щыщ Камбилеевскэ кьуажэрщ.

- Ди гъунэгъу лІауэ з.э хьэдагъэ сыщыІэт, мафІэ кьыщІэнащ - жиІэу си кьуэрылъху нэхъыжьыр кьыщыщпсэлъам, - игу кьегъэкІыж я анэшхуэ Плиевэ Нателэ.

Унэм сыкъэсыжа нэужь, сольагъу: Астанрэ Сосланрэ уэрамым дэтщ, абыхэм я кьуреягъкІэ щыкуэхэр щызэхэзэожэ. Унэм и щхьэгъубжэхэм Іуэгуэр Іуэ кьыдекІуэ, зыри пльагъужьыркъым. ИужькІэ къэсщІащ Астан мафІэм Сослан кьыззрыхихар икіи мафІэсгъэзэнкІыфІэхэр кьызэрилыдар. Армырамэ, унэр исынут.

Астан зэрыжиІэжьмкІэ, зэкъуэшитІыр компьютерымкІэ джэгуащ.

- Зэуэ къэслъэгъуауэ щыІалъмэ и гъунэгъу розеткэр кьызэрылыдар. Псы тесКІащ, ауэ мафІэр ункІыфІжьыртэкьым, - кьеГуэтэжж щІалэ щыкІум. - ИтІанэ сэ телефонкІэ мафІэсгъэзэнкІыфІэхэр кьеЗджащ. ИужькІэ си кьуэшымрэ ноутбукымрэ кьэспхъуатэри, уэрамым дыкъыдэльэдащ. Мыгувэу мафІэсгъэзэнкІыфІ машинэхуэр кьэсащ.

Ильэсищ зи ныбжь Сослан кьхъуэар игу кьищІыгъэкІыжкІэ мэдыкъэшх: «Сэ кьэкІуэхэм кІэнфет кьызатащ».

МафІэсгъэзэнкІыфІ Іэнатіэм и унафэщІ Плиев Альберт щыхьэт техьуащ: езыхэм я лэжьакІуэхэм Іэфынкъэ зэрагъэкІуэр. МафІэм зэщІщта фэтэрхэм сабийхэм уащрихьэлІэ куэдрэ кьохьу. Гужьеяхэр яГъэудэІун мурадкІэ, мафІэсгъэзэнкІыфІэхэм сабийхэм кІэнфет ират.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светланэ.
«Российская газета»

● Канадэ

Марло Патрик хуэзэфІэкІыр

Канадэм хоккейкІэ и командэ кьыхэхам и нэхъ кьарууцхуэу щытыр щІащхьауэхэрщ. Ауэ абыхэми йофІэкІ Марло Патрик. Арщхьэкіэ езым зыщІыгъужьын фІэфІкъым: «Сэ сы-КроСби Синди-къым икІи сы-Овечкин Александркъым нэхъыфІ дыдэу сыкъалъытэн хуэдэу. Сэ иджыри лъагапІэщхуэхэм сынэсакъым, ауэ зэфІэкІ лъагэ кьэзгъэлъэгъуэну си мурадщ», - жеІэ абы.

● Уасэхэр

Лэжьыгъэ нэпцІ

Сомыр хуабжьу ехуэхащ, абы и зэранкІэ ерыскьыхьэкІхэм я уасэхэм заІэт. АбыкІэ заумысыжащ кьулыкъущІэхэм: Экономикэ зыужьынысгъэмкІэ министерствэм «дегъэгуфІэ», нэгъуэщІ кьэралхэм кьикІ ерыскьыхьэкІхэр нэхъ лъапІэу хьуну жиІэу. Языныкъуэ ерыскьы лІэужьыгъуэхэм я уасэхэм процент 10-15-кІэ хэхьуагъэхъуэщ.

АБЫ КЬЫЗХЭКІЫУ Урысейми мин бжьыгъэкІэ лэжьапІэншэу кьыщоІэ. Унагъуэхэр зэрапІи, щІыхуэ я гтельыр зэрапщынын ахъшэ я Іэжьым. Пэжщ, жаІэ мы псори зэманым елытауэ: гъатхэр ипІэ нувэм, псоми лэжьыгъэ ягъуэтынущ. Арщхьэкіэ зэгъуэгъэзавэ Іуэхуэхэр нэхъыбэ мэхъу.

ЦІыхуэхэр я Іэнатіэхэм Іуагъэкіыу щыщІадзащ къэралым псом. Волгоград и Іуэхуэ Іапі э 23-м лэжьыгъэм щыкІэрыхуащ, цІыху мини 2,5-р тхьэмахуэ зэхуаХм махуэ зыбжанэщ зэрылажьэр. ЗэрыжаІэмкІэ, гъатхэм арагъэу цІыху мини пІ хуэдиз Іуагъэкіыну я мурадщ «Урал-асбест» (Свердлов область) Іуэхущапі эм (араш дуней хризолит нэхъыбэ дыдэ кьыщыщІэзыгъэкІыр). Абы щылажьэхэм хьыбар иратэщІащ накьыгъэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ тхьэмахуэ зэхуаХм махуищ фІэкІа зэрахуэмеинумкІэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, я улахуэхэр хуэдитІым нэскІэ ягъэмэщІэнущ. А комбинатым щолажьэ Асбест кьалъэ щыпсэу цІыху балигъэкІэ я зэхуэдитІыр! Урал Ипщэм Іэнатіэхэр щагъэмащІэ. Златоуст, Челябинск, Миасс кьалъэм «хуит щохуэу» лэжьакІуэ мини. Смоленск областым и администрацэм пІащІэгъэужьІэ зэхуаГъэхэр зэгъэщІэзэрэ щокІуэгІ: 19-р уэвІащ, 16-р махуэм зэрылажьэр сыхьэт бжьыгъэщ.

ЩІынальхэм я унафэщІхэм кьыхалъхьэ щІыхуэхэр жылагъуэ лэжьыгъэхэм ирашэлІэну - уэрамхэр ирагъэпхъэкІыну, мывэ кьалэхэр ирагъэлэну. Апхуэдэу хьумэ, ахэр лэжьапІэншэхэм я бжьыгъэм хагъэкІхьунущ. Пенсэм кІуэнум илъэситІ нэхъыр нэхъ мащІэ кьызыхуэнжахэм зрагъэзэпсэхунущ. АтІэ пенсэм кІуэ иужькІи лэжьэну кьызэрыхурадджэхэр сытым щыщ? ЛэжьапІэншагъэмкІэ пособиер сом мини 4,9-м щІигъуркъым. Ауэ ари зыІэрыхьэр закъуэтІакъуэщ. Пенсэр зэрыхьур сом мини 10 къудейщ.

«ГъашІэрыпсэуэр зыхэт гу щыльатэр цІыхухэм зыкъаІэту щІадза иужькІэщ,- жеІэ профсоюз лэжьакІуэ Лаппин Владимир. - ЗэкІэ цІыхухэм зашыІэ. КьулыкъущІэхэм зи Іуэху зэрахуэр лэжьакІуэхэркъым, атІэ хьэрычтыщІэхэм я сэбэн зыхэлъхэрщ. Уасэхэм зыщаІэт зэманым гуащІэрыпсэуэхэр лэжьапІэншэу кьоІэ».

ДОНСКИХ Екатеринэ.
«Аргументы и факты»

Окавэ Мисао къелъытэ

● Японие

Илъэси 116-рэ зи ныбжь япон бзылъхугъэ Окавэ Мисао къелъытэ псом япэу уи Іэпкьлъэпкьыр щІэбгьалІэ мыхъуну, жэщ-мафуэм сыхьэти 8 нэхьрэ нэхъ мащІэ уэкІи, къуэат зыщІэлъ ерыскьыкІэ ушхэн хуейуэ. Ебым нэхъ кьищІэр скумбрие бдзэжьей гъэгъуврщ.

Япон цІыхубзхэр мэпсэу ику иту илъэс 85,9-кІэ. ЦІыхухъухэм я гьащІэр нэхъ кІэщІщ - илъэс 79,6-рэ.

Псори зи фыгъэр дыщырыкІырщ

Зыхьыхьэну унагъуэм здахьыну дыщырыкІыр ялэн папщІэ ильэс 5-7-кІэ кьалэхэм щылэжьэну кІуэ кьуажэдэс хъыджэбзхэм я гуащІэ ин хэлъщ Япониием и экономикэм хуабжьу зэрызыкІыэтам.

Пхъэантэдзэ зэрагъэпщІащ папщІэ, щэкІ фабрикэхэм кІуэныр япон мэкъумэшыщІэ хъыджэбзхэм хабзэ яхуэхъуащ XIX лІэщІыгъуэм. Аращ япон щэкІ пудхэм зауэм и пІэльэхэм Азиер щІагъэнэмыс зэрэщытыр. Техникэм зэрызиужьыи и фІыгъэкІэ япон хъэрычэтыщІэхэм а Іэнатіэм хуабжьу зрагъэубгъуат.

Япон хъыджэбзым бзылъхугъэлІыгъуэм хуигъэхьэзырыну дыщырыкІыр кьиІэжьыну хуабжьу гугъуц. Ар абы и гъащІэм дежкІэ нэхъ пІэхъэнэ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ. ЛІэщІыгъуэ куэд ипэкІэ зэфІэувэ хабзэм ипкъ иткІэ, абы мы Іуэхум папщІэ кьилэжьын хуейщ мазэм улахуэу кьыІэрыхьэм нэхъри хуэдэ 30-кІэ нэхъыбэ. Мис а ахъшэм папщІэ хъыджэбзхэр заводжэм макІуэ.

Мис а хабзэр а бзылъхугъэхэм нэхъ улахуэ мащІэ дыдэ иратыныжкІэ Іэзэу кьагъэсэбэп хьэрычэтыщІэхэм: пІалъкІэ лажьэр нэхъ тыншу кьыпхуэгъэдэІуэфынущ кассэм ахъшэ нэхъыбэ кьринэну. Кьуажэм икІа хъыджэбзхэр кьагъэдаІуэ нэгъуэщІкІи: общежитым щыпсэуну икІи псомкІи а зэхуэдэ шхапІэм щышхэну арэзы хъумэ, илъэси 5-7-кІэ зыхуэйм хуэдиз ахъшэ иІэнущ.

ИпэжьипІэкІэ казарэмэм щопсэу, кьратІамэ, яшх. А псори кьышІагупсысари хъыджэбзхэм пхъэантэдзэль зэхуахьэсын кьудейм и мызакъуэу, ахэр жьІэдаІуэри Іыгъынырщ.

Бзылъхугъэ минхэм я щІхьэцхэр

Японием кьакІуэ хамэ кьэрал зыплъхьэкІуэхэр хуейщ кимоно зыщыгъ цІыхубз зрагъэльагъуну. НэгъуэщІ телъыджэхэри гъунэжщ. Псальэм и хьэ-тырКІэ, Киотэ кьалэм ахэр яшэ абы дэт Хонгадзи тхьэлъэІупІэм - Дыгъэр Кьыщыщіэкі кьэралым пхъэм кьызэщыкІуэу щыІэ нэхъ унэ уардэ иным.

Абы зэманым игъэфыщІуэр щІэт пкъо лъагэхэм унащхьэр хъарпшэру фІэкІа угъэльагъуркъым, апхуэдизкІэ лъагэу яІэтащ.

- Мы пкъохэми бгыкъэхэми фепль, - жеІэ зыплъхьэкІуэхэр кьезыщэным. - ИтІанэ зыхуэжьыгъэмэ, ахэр кьызыхаупщІыкІа жыгхэр бгъэутыжьнукъым. Япэми, ахэр мащІэ дыдэт. КьраупщІыкІыу щІыпІэм яша иужьи, ухуакІуэхэм апхуэдиз хэзэпсэгъэнкІэ я кьару дэмыхуэну кьыщІэкІащ.

АтІэ дауэ яхуэзэфІэкІа? Бзылъхугъэхэм я фІыгъэкІэ. Япон цІыхубз мин 40-м я щхьэцхэр прагъэупщІри, зэкъратІуэхэщ. Апхуэдэ щыкІэкІэ яІэ хъущ зи быдэгъкІэ нэхъэм ямылъэгъуа кІапсэшхуэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, абы папщІэ щхьэцхэр кІыхьу щытын хуейщ. Зи гугъу тщІы зэманым япон цІыхубзхэм я щхьэцхэр кІыхьт, иджы ахэр зезыхьэжьыр гейшэхэщ.

Бзылъхугъэ мин 40-м я фІыгъэкІэ зэгуэр Киотэ тхьэелъэІупІэ нэхъ льагэ дыдэ зэрыщыгухуар зыгъэщІагъуэ хамэ кьэрал зыплъхьэкІуэм игу кьэкІынукъым мы зэманым Японием и лэжьакІуэхэм я зэхуэдитІыр зэрыщІыхьэзыр.

Кимоно зыщыгъ гейшэм хьэщІэхэм захуегъаэз:

- Пасэрей Киотэ и тхьэІухудхэм я фэеплъу, мы шылэхэр я кьафщэху!

ЗыплъхьэкІуэхэр нэхьыбэу здащІ щыпІэхэм ящыщщ Насадзин хьэблэр. Абы сыт щыгъуи щІэзэхьібох щэкІ зэІузыщІ Іэмэпсымэхэм я Іэуэльауэ макъыр.

- Сыт фэ фи Іэщ Іагъэм нэхъ гугъуу хэлъыр? - соупщІ сэ зэІущакІуэхэм ящыщ зым.

- Нэхъ кьыдзэгугъэкІыу кьыщІэкІынущ пшагъуэм, пщІдджэжьыпІэм псым кьызыпІэриху ГъэІэ мащІэр щэкІым и тепльэм игъэзэгъэныр, - кьызетыжь хьыджэбзым жэуап.

Сэ сыкьІитэжащ «Іэщ Іагъэ» псальэ кьызэрыжьэдэкІам папщІэ. ИтІанэ «гъуэздкэ» жьхуаІэжьр сыт?

Апхуэдэ ГъэжущІапІэ жьГьейхэмрэ иджырей заводжэм я цех абрагъэзэхэмрэ Киотэ щызэпэгъунэгъущ. Ауэ сыт ахэр зэщъкъ зыщІыр?

Зыкъызэзрыбгъэлъагъуэм ельытащ

Япон бизнесым увыпІэшхуэ щызыІыгъ «Панасоник» концерныр кьызэзгъэпэщащ Мацусито Коносуке хабзэ хьэлэмэт зэхэуфІащ: фирмэхэр зейхэм зи лэжьэкІэр ягу ирихьа хъыджэбзхэр ирагъашэ кьадэлажьэ щІалэхэм. Апхуэдэ щыкІэкІэ кьэунэхуа унагъуэхэм фирмэм пуду ярещэ псоуПІэхэр. Араш, пІалъэкІэ кьаІэм щылажьэну кІуа бзылъхугъэр абы кьыщІонэ.

Хамэ кьэрал зыплъхьакІуэхэр ягъэщІагъуэу топсэлъыхь Японием зэрызэмыкъуэжым. КьэкІуэхухкІэ Фудзэ бгым и уасэщхьэмрэ сакурэ зэщІэгъэгъэнрэ яльагъу.

Арщхьэкіэ зызымыхъуэж нэгъуэщІхэри щыІэщ. Ахэр лъахъшэу зезыгъэзыхуаэу псым хэт прунжгъэкІэхэрщ. Машинэм зэи нэсу зэририхьыгъэныкъым цІыхуІэхэр. Псом хуэмурэщ зэйхэм зи лэжьэкІэр ягу ирихьа хъыджэбзхэр ирагъашэ кьадэлажьэ щІалэхэм. Апхуэдэ щыкІэкІэ кьэунэхуа унагъуэхэм фирмэм пуду ярещэ псоуПІэхэр. Араш, пІалъэкІэ кьаІэм щылажьэну кІуа бзылъхугъэр абы кьыщонэ.

Хамэ кьэрал зыплъхьакІуэхэр ягъэщІагъуэу топсэлъыхь Японием зэрызымыкъуэжым. КьэкІуэхухкІэ Фудзэ бгым и уасэщхьэмрэ сакурэ зэщІэгъэгъэнрэ яльагъу.

Арщхьэкіэ зызымыхъуэж нэгъуэщІхэри щыІэщ. Ахэр лъахъшэу зезыгъэзыхуаэу псым хэт прунжгъэкІэхэрщ. Машинэм зэи нэсу зэририхьыгъэныкъым цІыхуІэхэр. Псом хуэмурэщ зэйхэм зи лэжьэкІэр бэшэчагъэр щыпхэлъын хуейщ мы Іэнатіэм. Хэт атІэ абы пэрытыр?

Кьуажэм докІ щІалэрэуалэр. ЩІыр яварри, цІыхуху балигъэкІэ зыкъхьалІэжьигъэр кьэсыхукІэ ахъшэ кьалэжьыну нэгъуэщІ щІыпІэхэм макІуэ. Кьанэр хъыджэбзхэрщ. Ахэращ нэхъ лэжьыгъэ хьалъэ дыдэр зи пщэ кьыщІэхуэр. Ахэри щхьэхъэІэт ямыІу ильэси 5-7-кІэ лэжьэн хуейщ я хьэгъэлІыгъуэм зыхуагъэхьэзырын папщІэ.

ОВЧИННИКОВ Всеволод.
«Российская газета»

Гъэтlылъыгъэхэр къызэкъуах

Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэ Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейм бзылъхугъэхэм я музейхуэм и щlыхькlэ гъэлъэгъуэныгъэ къыщыдэлъуахащ.

УТЫКУ кърахьащ XIX лlэщlыгъуэм и апэ Iыхьэм псэуа художник, скульптор цlэрыIуэхэм (Тихобразов Н. И., Трубецкой П. П., Левицкий Д. Г., Балицкий И. В., Крендовский О. А., Брюллов К. П., нэгъуэщlхэми) я Iэдакьэ къыщlэкlа лэжьыгъэхэр: бзылъхугъэхэм, Елизаветэ II я сурэтхэр, унэр эрагъэдахэ хьэпшып зэмылlэужьыгъуэ XVIII лlэщlыгъуэм ящlахэр, пхъэм, гипсым, мывэм кьихэIущlыкlа скульптурэхэр, нэгъуэщlхэри.

Муэйм и унафэщl **Ащхьуэт Ритэ** кьыдэхуэсахэм яжриlащ музейм и фондым щахьумэ гъэтlылъыгъэхэр дяпэкlэ зэпымыууэ эрагъэлъэгъуэнуэр, Iуэхущlапlэм и зы пэш абыхэм зэрыхухахар.

- Iуэху дахэр кьыхэтlьхьащ лlэщlыгъуэ блэкlахэм псэуа сурэтыщlхэм, декоративно-прикладной гъуазджэмкlэ Iэпщlэльапщlэхэм я лэжьыгъэхэм, республикэм щыпсэухэмрэ ди щыналъэм и хьэщlхэмрэ зыщагъэгъуэзэнчу Iэмал яIэн папщlэ, - жиlащ Ащхьуэт Ритэ. - Мы гъэлъэгъуэныгъэм хэдгъэхьа лэжьыгъэхэр мащlэмк, къуэкlыжьыбыдэ. Бзылъхугъэхэм я сурэтхэм кьадэкlуэу, усакlуэ, тхакlуэ цlэрыIуэ Пушкин Александр и сурэтри утыку кьиткъэхэм хэдгъэхьащ, ар кьыззэралъхурэ илъэс 215-рэ мы гъэм зэрырикъур къэтлыытэри.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Кьумахуэ Мухьэдин** гъэлъэгъуэныгъэр кьыщызэIуихым кьыхигъащащ фондым щахьумэ хьугъэфIыгъуэхэм цlыхухэр зэрыщагъэгъуазэр эриригуапэр, дахагъэм дихьэхэр сурэтыщlхэм гъуазджэм я фIыпlэхэмкlэ щlэх-щlэхьыурэ ягъэгуфIэну зэрыщыгуфIыгъуэ, щlэхьащ лlэщlыгъуэ блэкlахэм псэуа сурэтыщlхэм, декоративно-прикладной гъуазджэмкlэ Iэпщlэльапщlэхэм я лэжьыгъэхэм, республикэм щыпсэухэмрэ ди щыналъэм и хьэщlхэмрэ зыщагъэгъуэзэнчу Iэмал яIэн папщlэ, - жиlащ Ащхьуэт Ритэ. - Мы гъэлъэгъуэныгъэм хэдгъэхьа лэжьыгъэхэр мащlэмк, къуэкlыжьыбыдэ. Бзылъхугъэхэм я сурэтхэм кьадэкlуэу, усакlуэ, тхакlуэ цlэрыIуэ Пушкин Александр и сурэтри утыку кьиткъэхэм хэдгъэхьащ, ар кьыззэралъхурэ илъэс 215-рэ мы гъэм зэрырикъур къэтлыытэри.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Кьумахуэ Мухьэдин** гъэлъэгъуэныгъэр кьыщызэIуихым кьыхигъащащ фондым щахьумэ хьугъэфIыгъуэхэм цlыхухэр зэрыщагъэгъуазэр эриригуапэр, дахагъэм дихьэхэр сурэтыщlхэм гъуазджэм я фIыпlэхэмкlэ щlэх-щlэхьыурэ ягъэгуфIэну зэрыщыгуфIыгъуэ, щlэхьащ лlэщlыгъуэ блэкlахэм псэуа сурэтыщlхэм, декоративно-прикладной гъуазджэмкlэ Iэпщlэльапщlэхэм я лэжьыгъэхэм гъэщlэгъуэн зэрращыхьунур. Цlыхухэм щехьуэхьум гульаригъэтащ гъащlэм щынэхь льапlэ дыдэр анэхэр, шыпхьухэр, щхьэгъусэхэр зэрыларр.

Налшык кьалэм и бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl **Дыджэш Лидэ** жиlащ республикэм ис, гъуазджэм дихьэх бзылъхугъэхэм я дежкlэ гъэлъэгъуэныгъэр саугъэтыфI зэрыхьуар, дахагъэр эи курых мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм щэх-щlэхьыурэ хагъэплъэну зэригуапэр.

Зэхьхьэм кьыщыпсэльащ УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и щыналъэ кьудамэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыкъ Нелли.**

Гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлIащ республикэм и сурэтыщlхэр, гъуазджэр фIыуэ зыльлъагъуэр, хьэщlэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Паралимп Джэгухэми Урысейр щыпашэщ

Гъатхэпэм и 7-м щыщIэдзауэ Сочэ щокIуэкIXI ЩIыпмахуэ Паралимп Джэгухэр. Ахэр Олимпиадэ хужьым къыпыщыщэ Iуэхугъуэщ нкIи зэхьэзэхуэхэр кьыщыуэрагъэнэщар абы хуэхаха щIыпIэхэрщ.

Я УЗЫНШАГЪЭМ ныкъусаныгъэ иIэми, гъащIэмрэ спортымрэ жьыджэру хэтыну хущIэкъу щIыхухэм папщIэ ильэс зыбжанэ хьуауэ ирагъэкIуэкI мы зэхьэзэхуэхэр куэдым яфIэхьэлэмэтщ. Абыхэм я мыхьэнэри кьыпхуэмыIуэтэнщ.

XI ЩIымахуэ Паралимп Джэгухэм гъатхэпэм и 16-м пщIондэ медаль комплект 72-м щиязпеуэнущ. Яп махуэхэм кьыззрагъэльэгъуамкIэ, Урысей Федерацэм и спортсменхэм, ижьырей Олимпиадэ хужьми хуэдизу, бжьыпэр яутIыпщыну я мурадкьым. Абыхэм медаль 34-рэ зыIэрагъэхьакIэщ (11-р дыщэу, 14-р дыжьыну, 9-р жэзу). КъакIэльыкIуэ Германиемрэ Украинэмрэ абыхэм куэд дыдэкIэ къакIэрохуу.

Гъубж кIуам ди командэ къыхэхам дыщэ медалу 4, жэзуи апхуэдизу, дыжьыну 2 къаухуихьащ. Карачурин Азат Сочэ щыщихьа ещанэ увыпIэм иджы чемпионыгъэр дыщIигъуащ, щыту биатлонымкIэ километр 12,5-р кьыщызэранэкIым зэхьэзэхуэм щытекIуэри. Километри 10 щIыхубзхэм кьащажьмы нэхъыфIу кьыщIидзащ Кауфман Алёнэ. Ар абы и дежкIэ мы Паралимпиадэм щыгъуэнэ дыщэ медалщ. ТIуэнейрэ Сочэ чемпион щыхъуакIэщ Лысов Михалинэ.

Щысу биатлонымкIэ километр 12,5-рэ кьыщызэранэкIам яп эувыпIищри ди спортсменхэм я ныбжьыщ. Сочэ щекIуэкI Паралимп Джэгухэм ещанэу чемпион щыхъуащ Петушков Роман (ар лыжникхэм я зэпеуэми щытекIуащ). Абы кьыкIэльокIуэ Бычёнок Алексейрэ Гончаров Иванрэ *(сурэтым).*

Следж-хоккейкIэ зэхьэзэхуэм и финал ныкъуэм нэсащ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхар. Зыхэта гупым абы пашэныгъэр кьыщихьащ, ижьырей Паралимпиадэм и чемпион США-р 2:1-уэ хигъанIэри. Иджы ди щIэлэхэм Норвегием и командэ кьыхэхар нобэ кьапэщIэтынущ.

КIэрлингымкIэ зэпеуэми Урысей Федерацэр щыIейкьым. Ар Швециемэ и командэ кьыхэкам текIуауэ, адэкIэ Великобританиемрэ Норвегиемрэ дэдэзгунущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

XI ЩIымахуэ Паралимп Джэгухэм кьыщахьа медалхэр *(гъатхэпэм и 12-м ирихьэлIэу)*

Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1. Урысей Федерацэ	11	14	9	34
2. Германие	4	0	0	4
3. Украинэ	3	3	5	11
4. Австрие	2	2	0	4
5. Японие	2	1	2	5
6. Франдзы	2	1	1	4
7. Словакие	2	1	0	3
8. Канадэ	1	2	4	7
9. Великобритание	1	1	1	3
10. Швецие	1	0	1	2

Иугъащlэ дахагъэм!

Ильэсым и кIуэцIкIэ махуэхэхахэм догъэльапIэ ТекIуэныгъэ Йиар кьытхуэзыхьахэр, Хэкум и хьумакIуэхэр, анэхэр, нэгъуэщIхэри. Зэпымыууэ ди гум илъыпхъэ, лIыгъэ зыхэль щIыхуэсэм, зэфIэкIкIэ, дахагъэкIэ щIрыIуэхэм ящыщщ бзылъхугъэхэр.

АХЭР игъэлъэпIэн мурадкIэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ кьудамэм кьыззригъэпэщат концерт. ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм хуэгъэпса пшыхьым Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щызэхуишэат цIыху куэд. Пэшым щIэзу щIэст гъатхэр кьызэрысам щыгуфIыкI, зи махуэр зыгъэлъэпIэну зызыгъэхьэзыр бзылъхугъэхэри, абыхэм я гукъыдэжьр кьэзыIтыну зи мурад щIыхуэхуэхэрэм, Нэхъыбзу кьызэхуэсахэм яхэпльагъуэр нэхъыжьыфIхэрами (концертыр зыхуагъэхьэзырар ахэрат), ныбжьыщIэхэри мыащIэу кьызэрыкIуар гуапэт.

ЗэIуплIэр уэс сатыр дахэхэмкIэ, псалъэ гуапэхэмкIэ кьызэIуаха нужь, утыкум кьрагъэблэгъащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ кьудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Канунниковэ Татьянэ,** Зауэм, лэжьыгъэм, дзэмрэ хабзэхьэмэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и тхьэмадэ **Абдулаев Мустэфа,** КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм ЦIыхухэм Iуэхутхьбзэ яхуэщIэнымкIэ и центрым и унафэщI **Бейтыгъуэн Заур** сымэ. Ахэр бзылъхугъэхэм ехьэхьауащ узынишагъэ быдэ, насыпи, дзрэжэгъуэ яIэну, я бынхэм я гуфIэгъуэ куэд ялъагъуну, я гъащIэр гъатхэм хуэдэу щIэращIэу, я гукъыдэжьр мыкIуэщIу псэуну. Я нэгу зрагъэужьмэ, махуэр щIэщыгъуэ щащIмэ, зэрагуапэри кьыхагъэщащ.

УФ-м щапхъэу кьыщалыта «Нал цIыкIу» къэфакIуэ ансамблим (художественнэ унафэщIыр КъБР-м, ИР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI я дзэкъакIуэ Куэшей Аликщ, балетмейстер-егъэджакIуэ-хэр Борэ Руслан, Мамрэш Наирэ, Битокъу Оксанэ сымэщ) и нэхъыщIэ гупым кьыззIуихащ пшыхьыр. Апхуэдэу бзылъхугъэмрэ лъагъуныгъэмрэ, гъатхэмрэ дахагъэмрэ ятеуха уэрэдхэмкIэ ар ягъэдэхащ УФ-м щIыхь зиI и артистхэу Ташло Алий-рэ Батыр Мухьэдинрэ, КъБР-мрэ ИР-мрэ щIыхь зиI я артист Дауд Нурий, КъБКъУ-м уэрэдымкIэ и «Амикс» театрым хэт щIалэхэм, ди республикэм и Къэрал филармонием и уэрэджьы-IакIуэ Къуэ ФатIимэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым и студентхэу Текуев Расул, Атмурзаевэ Танзиля.

Бзылъхугъэхэм я зэфIэкIым, я гуапагъэмрэ щабагъэмрэ, анэм и гумащIагъэм, шыпхъэм и льапIэныгъэм хуатха уэсэ купщIафIэхэр щыIуащ пшыхьым. Хэку зауэщхуэм хэта, лжьыгъэм ехьулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьа щIыхубз хахуэхэр дихьэхауэ епIащ концертым, кьыщыщIэкIыжьым удз гъэгъа дахэхэмкIэ ягъэгуфIащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*


Батыр Мухьэдин


Ташло Алий

«Папэ, мамэ, сэ - унагъуэ зэкъуэтщ!»

ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэщхуэр щагъэлъапIэ гъатхэпэм и 8-м ирихьэлIэу КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и Гъуэгу-патрыр къулыкъум и батальон щыIэхуэм «Папэ, мамэ, сэ - унагъуэ зэкъуэтщ!» конкурс щекIуэкIащ. Абы хэтащ дэтхэнэми цIыхуитIэ зыхьхьэ гупи 4.

ЗэПЕУЭМ хэтахэм я дежкIэ ар тынштэкъым. ЦIыхухъухэм пщэфIапIэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ, дахкъикъэрэ ныкъуэм цIыхубзхэм яхуэгъэзэа псалъэ гуапэ нэхъыбэ ятхри, усакIуэ кьалэныр зыхащIащ, япхъу цIыкIухэм я щхьэцхэр хуэзащIакъуэри, школым «ягъэкIуащ».

А зэманым цIыхубзхэри кьакIэрыхуакъым цIыхухъухэм: пщэфIапIэм абыхэм хадэхэкIхэм ГъэгуГ дамыгъэхэр кьыщыхащIыкIащ, мастэкъуанШхэмрэ егъэубыдхэмрэ кьагъэсэбэпу хъыджэбзэ цIыкIухэм газетхэм пщыхьащхъэ бостей кьыхухащIыкIащ.

НыбжьыщIэхэри жьыджэращ: щIалэхэм къэпщатIкIуэм хэтхэм я упщIэхэм жэуап иратурэ Гъуэгум зэрыщызэкIуэ хабзэм зэрыхащIыкIыр кьагъэлъэгъащ, къыджэбзэм я анэхэм я сурэтхэр ящIащ.

ТекIуахэм дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ. Мазхуэшхуэ зэхьхьэр, зэпеуэм хэта дэтхэнэми игъэхьэзыра тортхэмкIэ гъэнщIа Iэнэмкlэ зэхуащIыжащ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Ланзщ.**

● Спорт

«Унагъуэ зэпеуэ»

Налшык дэт сабий гъэсапIэхэм щекIуэкIащ «Унагъуэ зэпеуэ» спорт зэхьэзэхуэхэр.

ГУП нэхъыжьхъэм хэт сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ зэгъуэсэу ягъэльэгъуащ ябгъэдэль акъыл жанагъыр, псынщIагъыр. «Спортсмен унагъуэхэм» япэу ирата упщIэхэр теухуат абыхэм я творческэ зэфIэкIхэр здынэсым. Адэ-анэхэм кьагупсысын хуейт я командэм и фIэщыгъэ-цIэр, гуаазэ псалъэр. Абы кьыдэкIуэу, спорт джэгукIэ щхьэхуэхэмкIи зэпеуащ. И'укьыкIэ биатлон, Iэжьэ спорт, керлинг зхьэзэхуэхэмри я зэфIэкI щагъэльэгъуащ.

ЦIыкIухэми, адэ-анэхэми я гукъыдэжьыр кьэзыIэта «Унагъуэ зэпеуэр» текIуарэ къыхагъэщащ Iуэрэ хэмыту кърахьэлIащ. Джэгум хэта командэхэм я цIэ къраIуащ шоколадым кьыхэщIыкIа медалхэмкIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гъатхэ махуэшхуэхэм ирихьэлIэу «Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэ» ОАО-м и иригъэблагъащ туристр зыгъэпсэхуакIуэу мниципалым нэблагъэ.

АБЫХЭМ яхэтт бгы-лыжэ спортым дихьэхэр, сноубордистхэр, кьуршым зыщызыгъэпсэхуну зыфIэфIхэр. Куэдым кьагъэсэбэщащ гъатхэ махуэ хуабэр: КIапсэ гъуэгу станцым пэмыжьыжьэ щыгум дыгъэ щызрагъэуащ.

Зызыгъэпсэхухэм куэду яхэтт сабийхэри. Абыхэм IэжьэкIэ, лъэрыжькIэ, сноубледкIэ кьажьыкьырт.

«Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэ» ОАО-м и администрацэр мы щIыпIэм зыщызыгъэпсэхухэм ехьэхьауащ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIи гъэм и зэман нэхъ дахэ дыдэмкIи. Узынишагъэ, дзрэжэгъуэ, льагъуныгъэ яIэну я гуапэщ.

«Iуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупIэ» ОАО-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Зыгъэпсэхупlэм и хьэщlэхэр

Сабийхэм шынагъуэ ятевмыгъэхьэ!

● Гу зылъытапхъэ

«Шынагъуэ зыпылъ, законодательствэм къемызэгъыу къыдыта Iуэхугъуэхэр сэтей къэщIынымкIэ кIэлъыплъакIуэ центр» сатум пымыщIа зэгухьэныгъэр йолэжь цIыкIуэхэм лей кьатемыгъэхьэным хуэгъэза «Сабийхэм я шынагъуэнщагъэ» федеральнэ проектым. Абы хиубыдэу кьыздэрагъэпэщащ «Сдай педофила» урысейпсо зэпыщIэныгъэр (8 800 250 98 96 телефоныр жэщми махуэми мэлажьэ).

САБИЙМ и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэр цIыкIуэхэм йолъэIу цIыкIуэхэм я дежкIэ шынагъуэу, абыхэм лей ехьным хуэгъэзауэ я кьалъытэ Iуэхуэхэм Интернетым щрихьэлIамэ, ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа телефонымкIэ псалъэу кIэлъыплъакIуэ центрым хъыбар ирагъэщIэну.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэтхэр, Дунейпсо, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр ЩДАА-м и академик, хетнолог щIэрыIуэ, Истамбыл щыпсэу хьэрычэтыщlэ **Чурей Алий** хогуэдзэ абы и шыпхъу **Чурей Шазие (Сасэ)** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и лэжьакIуэхэмрэ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Бэджыдэ Анзор Михаил и кьуэм** хуогуэдзэ абы и адэ **Бэджыдэ Михаил ХьэзрIил и кьуэр** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныдж Замирэ, Хьжжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр
360030, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущlапlэхэм ядлежьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ шысмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэхэм яэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтекуэ зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мжьыдуэгъуэм и 14-м Печатым и хэутыныгъэр хьумэнымкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №П-0065-м щIэту ягъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Соня, редактору ТекIуэж Заретэ, корректорэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхытIыкI Азэмат *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр ИгъэтIысащ компьютер IэнатIэм щагъэжьащ.

Газетым Iэ траддзэ хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №475